ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№68 (22.976) • 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 11, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий ІутІыж махуэ лъапІэм и щІыхькІэ цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис православнэ чыристанхэм республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ къабгъэдэкІыу си гуапэу сынывохъуэхъу къэблэгъа ІутІыж махуэ лъапІэмкІэ.

ЛІэщІыгъуэ куэд хъуауэ республикэм и православнэ члисэхэм екІуалІэхэм, адрей динхэр зезыхьэхэм быдэу апшІауэ, хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІ хабзэ дахэхэр гъэувынымрэ псэкупсэ къулеигъэхэр гъэбэгъуэныкъо, апхуэдэуи я зэфІэкІ ирахьэлІэ мамырыгъэр гъэбыдэнымрэ цІыхухэр зэгурыгъэІуэнымрэ.

Ди жылагъуэр ефІэкІуэнымрэ ар зыхуей хуэзэу псэунымрэ я лъабжьэр куэд щІауэ къыддекІуэкІ хабзэфІхэр хъумэнырц.

ІутІыж махуэ лъапІэр къыщихьэм православнэ чыристанхэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми сынывохъуэхъу икІи мамырыгъэ, фІыгъуэ, зэпІэзэрытынигъэ фиІэну си гуапэщ.

● Мэлыжьыхьым и 12-р Космонавтикэм и махуэщ

Хьэршыр я плъапІэу

Зэманхэр блэкІынщ, лІэщІыгъуэщІэхэр къэкІуэнщ, ауэ 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-р цІыхухэм ящыгъупщэжынукъым дунейм гъащІэ щыІэху. А махуэм лъэбакъуэшхуэ дыдэ ячащ хьэршыр къагъэІурыщІэн и лъэныкъуэкІэ, зычари псори дызэрыгушхуэу щыта СССР-рщ. Гагарин Юрий дунейм щыяпэ дыдэу «Восток» кхъухьымкІэ щІы хъурейр кІилъэтыхьащ. Ар нэхъапэм тхыдэм зэи къыщымыхьуа Іуэхут. СССР-м хьэршыр къэгъэІурыщІэным теухуауэ нэхъапэкІи лъэбакъуэшхуэ ичат - 1967 гъэм жпуэгъуэм и 4-м ЩІым и япэ спутник Іэрыщ Іыр игъэлъэтат. Ауэ и инагъкІэ иджы къехъулІам ауэ жыжьэуи къылъэщІыхьэртэкъым ар.

СОВЕТ Союзым и дежкІэ политикэ мыхьэнэ ини иІэт Гагарин Юрий зэрихьа лІыгъэм. Ар зытещІыхьари мы Іэнатіэм СССР-мрэ США-мрэ зэрыщІэзэныкъэкъуэр. Американецхэм быдэу я мурадащ я цІыху япэу уэгу жыжьэм игъэльэтэну. Арщхьэкіэ конструктор акъылыфІэ дыдэ Королёв Сергей и тегушхуэныгъэкІэ, ди хьэрхуэрэгъуэр къыкІэрыхуащ. Абдеж шэч гуэри хэмылъу белджылы хуащ космосыр къагъэІурыщІэн и лъэныкъуэкІэ ди къэралыр США-м зэрыщхьэпрыкІар. Иджы сыт хуэдэ зэманым американхэм ящыщ космосым ямыгъэльэтэми, зи лъэр япэу абы нэзыхусэуэ щытынутэкъым ахэр. Абы куэдым иригъэгупсысащ иджыри къэс сыт и лъэныкъуэкІи - щІэныгъэкІи къарукІи СССР-м нэхъ рэ нэхъ лъэщу зыкъэзылытэжу къэгъэзугурыкІуа американецхэр.

Нобэ дигу къэдгъэкІыжынщ СССР-м нэгъуэщІхэмкІи бжьыпэр зэриубыдар. Аращ япэ дыдэу цІыхубз - Терешковэ Валентинэ - уэгу жыжьэм зыгъэльэтар, зэуэ космонавти 2 - 3 абы зыгъэкІуар, япэ дыдэу и цІыку - Леонов Алексей - кхъухьым иригъэкІыу хьэрш зэІухам хэзыгъэхьар, нэхъ зэман кІыхь дыдэкІэ космонавтхэр уэгу жыжьэм изыгъэтар. Ди еджагъэшхуэхэмрэ космонавтхэмрэ я екъулІэныгъэхэр апхуэдизу псынщІэу зэкІэлъыкІуэрти, дэ, а зэманым къэхъухэр зи нэгу щІэкІхэр, абыхэм, уеблэмэ, дессэжат. Королёв Сергей, фигу къэдгъэкІыжынщи, и мурадащ нэхъ тпэгъунэгъу дыдэ планетэми - Марсми - цІыху игъэльэтэну икІи ар абы хузэфІэкІыну къыщІэкІынт, и гъащІэр кІэщІыІуэу щымытамэ. Ауэ арыншами а еджагъэшхуэ гъуэзджэм зэфІигъэкІар къельыжу ирикъунщ и цІэр уахътыншэу тхыдэм къыхэнэн папщІэ.

Мы зэманым куэд зэфІагъэкІащ уэгу жыжьэр къахутэн и лъэныкъуэкІэ. А Іэнатіэм екъулІэныгъэ хэлъу щыхэдолажьэ Урысеймрэ США-мрэ. Иужь зэманым я зэхущытыкІэхэр зэрызэІыхьари абы зэран хуэхъуакъым. Иджы дэтхэнэми и мурадыр зыхуэгъэзар ипэкІэ зи гугъу тщІа Марсым цІыху ягъэлъэтэнырц. А тІур зэмыгъусэуи а мурадыр къехъулІэну къыщІэкІынукъым - мыльку кІи щІэныгъэкІи пэлъэщынукъым абы .

А планетэм цІыху гъэлъэтэнырщ Урысейм илъэс гъэнэгъуэм нэхъ кууэ Мазэр къагъэІурыщІэным теухуауэ зэхилъха программэшхуэри зыхуэгъэзари.

Арщхьэкіэ къэкІуэну зэманым кхъахыну екъулІэныгъэхэри ефэгъуэкІынущ 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м СССР-м хуэфІэкІам.

ШАЛ Мухьэмэд.

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу КъБР-м и Парламентым зэхуэс купщІафІэ щекІуэкІащ. Республикэм и депутатхэр яхуэзащ Урысейпсо, щІыналъэпсо школ олимпиадэхэм щытекІуа ныбжьыщІэхэм. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ, Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и пашэ Азычэ Светланэ, Ухуэныгъэмкіэ, ЖКХ-мрэ ТЭК-мкІэ и комитетым и унафэщІ Гриневич Валерий, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ Несутулов Виктор сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЩІалэгъуалэмрэ тхыдэмрэ

● ЗэІущІэхэр

- ДИ КЪЭРАЛЫМ ис цІыху псоми мы гъэм догъэлъапІэ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур. Нобэрей ди зэІущІэри зытещІыхьар а Іуэхугъуэшхуэрщ. Иджыблагъэ дэ Парламентым къедгъэблэгъащ икІи пщІэшхуэ яхуэтщІащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм. Ахэр зауэм щыдэкІам щыгъуэ фэ нэхърэ зэрыгнэхьыжь щыІэтэкъым, арщхьэкІэ абыхэм яхуэзэфІэкІащ бий ерум пэщІэтыфым, ар ирагъэкІуэту текІуэфын, сыту жыпІэмэ Хэку-анэм хуаІэ лъагъуныгъэ иным къару къыззрымыкІуэ якъахилъхьэрти. Дэтхэнэми къыгурыІуэрт къэралым и къэкІуэнымкІэ езым ихь жэуаплныгъэр зэрыиныр, - къыхигъэщащ **Егоровэм**. - Дяпэ илъэс зыбжанэкІэ апхуэдэ жэуаплныгъэ къыдэхуэнущ фи пщэм, ныбжьыщІэхэ. Сынывохъуэхъу а хэкупсэ къалэнышхуэм екІуу фыпэльэщыну, ди къэралыр, фыщалъхуа щІыналъэр, ди нэхъыжьыфІхэм хуэдэу, фэри фІыуэ флъагъуу фыпсэуну. Дэтхэнэми ди къалэнщ ди Хэкум и щхьэхуитыныгъэр къэзыІэзуахэм я фэеплъхэр сакъыу тхъумэну.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэмрэ абы иужь ита зэман хьэлъэмрэ ятеухуауэ щытащ Зауэм, Лэжьыгъэм, Іащэкіэ ЗэщІэуэзда Къарухэмрэ хабзэхъумэ органхэмрэ я ветеранхэм я къалэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа** и къэпсэльэныгъэр. Абы школакІуэхэр къыхуриджащ ТекІуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэм я цІэхэр ящымыгъупщэу псэуну.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

КъакІуэхэм я бжыгъэм хохъуэ

● Курортхэр

Къэрэшей-Щэрджэсым и «Архъыз», Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Іуащхьэмахуэ - Безенги» курортхэм 2014 - 2015 гъэхэм я щІымахуэ лъэхъэнэм турист мин 230-м щІигъум зыщагъэпсэхуащ. «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и унафэщІ Горчев Олег ар къыщыхигъэщащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Кузнецов Лев цыхуэзам.

МИНИСТРЫМ зэрыжиІамкІэ, КИФЩІ-м курортхэм щагъэзащІэ социальнэ къалэнхэм нэрылъагъуу хохъуэ. ЗыгъэпсэхуакІуэхэр арэзы ящІ, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, бизнес мащІэмрэ курытымрэ щІыпІэхэм зыщегъэужьыным Іэмал хъарзынэхэр къыхуэзІуах.

- Федеральнэ бюджетым и хэщІхэр щызэхуагъакІуэ мы зэманым туризмэм, промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, инноваци хэм ятещІыхьауэ Кавказ Ищхьэрэм щагъэзащІэ проект пэрытхэм абы щымыщ мылъку хуэзащІэгъэуІуэным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Зыужьыныгъэмкіэ щІыналъэ институтхэр я щІэгъэкъуэну къэралым къызэригъэпэщ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» унафэщІ компанием хуэдэхэм я ефІэкІыныгъэр уней инвесторхэр хэмыту нэгъэсауэ къыпхуэгъэсэбэпынукъым, - жиІащ Кузнецов Лев.

«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и унафэщІ Горчев Олег къыхигъэщащ турист кластерым и проектым инвестицэхэр къыхегъэлъэхьэным я Іуэхущ Іапі эр жыджэру зэрелэжьыр. ЗэІущІэм щагъэнэІуащ 2015 - 2016 гъэхэм абы и лъэныкъуэкІэ компанием зэфІигъэкІынухэр. «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м «Іуащхьэмахуэ - Безенги» курортым зегъэужьыным сом мелард хухихынущ. АбыкІэ зи чэзу ещанэ кІапсэ гъуэгур яухуэнущ, бгы-лыжэ къехыпІитІ къызэІуахынущ, Азау куейр зэІуэпэщ ящІынущ, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэри ирагъэкІуэкІынущ.

Мы гъэм Іуащхьэмахуэ лъапэ бгылыжэ лъэхъэнэм, дунейм и щытыкІэм елъытауэ, накъыгъэ мазэ хуэху щыпащэнущ.

«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-ІуэхущІапІэ.

■ ЗэІущІэхэр ■ Хъыбарыщ Іэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Махуэгъэпс ■ Матьхъэдис

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Нэхъ лъэщхэр Къэхъун щызэпоуэ

Мэлыжьыхьым и 18 пщІондэ Къэхъун къуажэм щекІуэкІынущ ныбжьыщІэхэм авиамодель спортымкІэ Дунейм и Кубокыр къахьыным теухуа зэпеуэхэм я зы Іыхьэ, Европэмрэ Азиемрэ я Кубокыр, апхуэдэу Нало Заур и Кубокыр къахьыным теухуа зэхьэзэхуэхэр. Ахэр икІи Урысейм и чемпионату щытщ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭХЭМ хэтынущ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм кьикІа спортсмен лъэщ щІэщ. Зэпеуэхэр мэлыжьыхьым и 11-м сыхьэти 9-м къызэІуахынущ.

Мы Іуэхугъуэр Урысеймрэ КЪБР-мрэ я ДОСААФ-м къызэригъэпэщащ УФ-мрэ КЪБР-мрэ авиамодель спортымкІэ я федерацэхэм я гъусэу.

КЪБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-ІуэхущІапІэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 11, щэбэт

♦Фашист гъэрыпІэм исахэр хуит къызэращІыжам и дунейпсо махуэщ. 1945 гъэм гъатхэпэм и 11-м къызэрыІэтауэ щытащ Бухенвальд нэмыцэ лагерым исхэр.

♦Паркинсон узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ. А узыфэр къэзыхута дохутырым и цІэкІэ ягъэуващ 1997 гъэм.

♦Кърым Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦Ханты-Мансийскэ автономнэ округым - Юграм зи бжыгъэр щымащІэ лъэпкъхэм я махуэщ

♦1147 гъэм япэ дыдэу къагъэсэбэпауэ щытащ «Москва» псалъэр.

♦1857 гъэм император Александр ЕтІуанэм Урысейм и Къэрал гербыр - щхьитІ зыфІэт бгъэр къызытещІыр - къащтэным теухуа унафэ ищІауэ щытащ.

♦1909 гъэм Тель-Авив къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1919 къызэрагъэпэщащ Лэжьыгъэмкіэ дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦1863 гъэм адыгэ тхакІуэ, генерал-майор Къаз-Джэрий дунейм ехыжащ.

♦Нигерием парламент хэхыныгъэхэр щокІуэкІ.

♦Адыгей тхьибзэр зэхэзылъхьа **БекІухъу Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Сорбоннэ дэт университетыр къызыуха **Батокъуэ Нияз** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэрэджыІакІуэ **Аслъэн Іэсият** къыщалъхуа махуэщ

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 12, тхьэмахуэ

♦ЦІыхур хьэршым лъэтэным и дунейпсо махуэщ

♦Космонавтикэм и махуэщ

♦ПВО дзэхэм я махуэщ

♦Чыристанхэм я ІутІыж махуэщ

♦1961 гъэм **Гагарин Юрий** «Восток» кхъухьым ису дунейм щыяпэу хьэршым лъэтащ.

♦Публицист, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІымыхъу Жылэбий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, публицист **Къущхьэунэ Алексей** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 8, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 13, блыщхьэ

♦Рок-н-роллым и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ меценатымрэ псапащІэмрэ я махуэр.

♦1517 гъэм Каир щаукІащ мамлюкыдзэм и дзэпщ ин Ал-Ашраф Тумэн-бей.

♦1895 гъэм Къэрал Урыс музейр къызэІуахащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Австриемрэ и къалащхьэ Венэ нэмыцэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1970 гъэм Атлантикэ хым щыщІилъэфащ Совет Союзым и К-8 атомнэ псыщІагъырыкІуэ къухьыр. Абы щыгъуэ хэкІуэдат цІыху 52-рэ.

♦Адыгэ уэзщІакІуэ, Іуэрыіуатдж **ГъукІэмыхъу Іэбубэчыр** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ Іым и къуэдзэу щыта **Хакамадэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп чемпионкэ **Навкэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 12, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ПхъэІэщэ вийм зэдащтэмэ, щІыгулъ къагъазэ.

Щiалэгъуалэмрэ тхыдэмрэ

(КIэухыр. Пэщiэдзэр 1-нэ нап.).

- Кавказым щыяпэу Налшык 1942 гъэм накъыгъэм и 2-м къыщыззрагъэпэщауэ щытащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щууей дивизэр. Къалащхьэр зыхъумахэр япэщIэуващ Гроэнэ и щIыдагъэмрэ Гитлер и щIыналъэхэмрэ зыубыдыну зи мурада бийхэм, - жиIащ Абдуллаевым. - Налшыкдэсхэр яльэкI псомкIи ядэIэпыкъуащ фронтым Iут зауэлIхэм. Абыхэм ди сэлэтхэм хуагъэхьырт щыгъын хуабэхэр, макъэхэр, ерыскъы зэхуэмыдэхэр, нэгъуэщIхэри. Нэмыц зэрыпхъуакIуэхэр уафэмкIи щIыльпэкIи къыщыбгрыкIуэм, фронтыр зыхуэныкъуэхэр ягъэхьэзыру щIалыжьым фабрикхэм, заводхэм. А Iуэхугъуэхэм ящыщ дэтхэнэри бгъэззэщIэныр лIыгъэ инт абы щыгъуэ.

Нэхъыжьыфым щIалэгъуалэм ягу кьигъэкIыжащ Налшык 2010 гъэм «Зауэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащар. Ари щыхьэт тохъуэ ди щIыхукэр псэемыблэжу ТекIуэныгъэм зэрыщIэзыуам.

НэбжьыщIэхэм я гупчэм щIэныгъэ щIадзауэ икIи я упщIэхэм жэуап ирагащ **Азычэ Светланэрэ** абы и къуэдзэ **Коротких Ольгэрэ**. Псоми яфIэхьэлэмэтт Зыуэ щыт къэрал экзаменым мы гъэм хагъэхьа IуэхугъуэщIэхэм ехьэлIахэр.

Къэралым къыщащтэ хабзэщIэ куэдым яIэ мыхьэнэм щыгъпэсэлъыхьыным, Егоровэм жиIащ ахэр гъащIэмрэ абы зэрэкиужьыным ехпхуэзэщIыгъэ, абыхэм захъуэжьхуу кIэ хабзэхэри зэрагъэтэмэмыжьыр.

ЗэIущIэм щкIуэкIа псалъэмкъэ псори къыщыззэщIикъуэхьым, Парламентым и Унафэщым фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэ щIэблэ дахэ, акъыльфIэ зыгъаСэ адэ-анэхэми егъэджакIуэхэми. Ар ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ узынщагъэ, ехьулIэныгъэ, насыпI яIэу куэдрэ псэуну.

- Насыпыфэщ Iуэхугъэм иIэр гущадзыжьыжьыр. Iэмалыжьхэр �IэнатIэ Iухьэр, апхуэдэ дыдэуи и унэм екIуэлIэжыр, - жиIащ зэхуэсым и кIэхъуу Егоровэм. - Апхуэдэ дэрэжэгъуэрэ зэIуэзэпэщыныгъэрэ фи гум щызу фи гъащIэр ефхьэкIыну сынывохъуэхъу.

ЗэIущIэр иуха нэужь, ныбжьыщIэхэм зыщрагъэпIыхьащ Парламентым и уарадэуэм, депутатхэм я гъусэу фэеплъ суэгтхэри зыгъэзащIэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Жылагъуэ палатэ

ЕГЭ-р зэрекIуэкIым кIэлъыплъынухэр

УФ-м и Жылагъуэ палатэм ящыщ и щIыналъэхэм ядригъэкIуэкI онлайн-зэIущIэхэм ящыщ щым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ 9 - 11-нэ классхэм ягъэкIуэн экзаменхэр зэрыщрагъэкIуэкIым кIэлъыплъыныжьмкIэ, ахэр щIэуфа лъэпкъ хэмыту, зэIухауэ щытыныжьмкIэ щыIэ Iэмалхэм.

«ЖЫЛАГЪУЭР а Iуэхум кIэлъыплъыну щIыхуейр ЕГЭ-м нэфI-ней хэмыльу екIуэхьым, зи щIэныгъэр къапщIэтэ ныбжьыщIэхэм я хуитныгъэхэр нэсу къызэгъэпэщащ хъыч щхьэкIэщ», - жиIащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыныжьмкIэ и комиссэм и унафэщI Духанкинэ Любовь. Абы къызэрильытэмкIэ, убзыхуэуэ щытын хуейщ: а Iуэхум и сыт хуэдэ лъэныкъуэхэра жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр зыхэлIэжьыр. Ахэр езыхэр щыпсэу щIыналъэхэм щрагъэджэнуц иджырей зэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ. Еджэн гъатхэпэм и 16-м щIадзэнуц икIи мы гъэм и накъыгъэм и 31 пщIондэ а Iуэхум пащэнуц. КIэлъыплъакIуэхэм я къэлэнхэм хагъэгъуэзэнуц сыхьэтитхум кьриубыдэу. Езы щIыхур щыхуей зэманым, нэхъ щыхущIыхьэм тригъахуэу и щIэныгъэм щыхигъахъуэ, иужькIэ къызэрапщытэ тестхэр щитыж хъунуц мы сайтым: http://egebook.ru. НэгъуэщI зыщIэупщIэн щыIэмэ, ege@academy.ru/ электрон пощтым зыхуигъаз хъунуц. КIэлъыплъакIуэ Iуэхум хуеджэ хъунуц абы зыкъом щIыуэ хэтхэри, а пажьыгъэм иджы хьыхьэн мурад зыщIауэ зезыгъэтхьунухэри. Абы папщIэ лъэIу тхыльыр егъэджэныгъэм и щIыналъэ органхэм етпу аккредитацэм ухэтын хуейуэ аращ. ЦIыхум аккредитацэ къратыным пыщIа Iуэхуэхэр зэфIэкIын хуейщ зыхуэфащэ экзаменыр щекIуэкIыну махуэм тхьэмахуитI нэхъ мынэхъ мащIэкIэ и пэ кьихуэу.

Зэрагъэбыхуам тету, Зыуэ щыт яIэ экзаменыр мы гъэм щатынур накъыгъэм и 25-рщ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, «узыкIэлъыплъыфынур» ЕГЭ-м и закъуэкъым. Жылагъуэм Iэмал иIэщ нэгъуэщI еджапIэхэри къыщдахкIа ирагъэкIуэкI экзаменхэми кIэлъыплъыну.

Духанкинэм къызэрыхигъэщамкIэ, цIыхур езым фIэфIу зыхьхьэ а лэжьыгъэм пщIэ гъэри къыпэкIуэркъым икIи кIэлъыплъакIуэ псалъэм и мыхьэнэр тэмэму къыбгурыIуэу щытын хуейщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, экзаменыр зэрекIуэкIыр е тхъэусыхафэм зэрыхэлъпхэр къызэпыбуд, экзаменыр щекIуэкI аудиторием ущIыхьи укъыщIэкIи, а къэпщытэныгъэм хэтхэм уадэIэпыкIуи тебгъэхьэулеикIи хъунукъым. Узыхуитар абы укIэлъыплъу, ар зэрекIуэкIым ныкъусаныгъэ гуэрхэр хэпльэгъуамэ, ар Iуэхур зи пщэ иль цIыхухэм хабзэншагъэм гу лъебгъэгъэнуц. Жылагъуэм кIэлъыплъакIуэхэр хуиткъым езыхэм я Iыхьылхэм экзамен щат щIыпIэм щыIэну. А хабзэхэр имыгъэзащIэмэ, кIэлъыплъакIуэу щытыну дзыхь зыхуащIа цIыхур а лэжьыгъэм кхыкерэкIыж аккредитацэр къезыта организацэм икIи и дэфтэрхэр кхыIекIыж.

Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэр зыхуитхэм, абы и кIэлэнхэм цIыхухэм щыгъуазэ зыщащIыфынуц щIэныгъэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэхэм е Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэм теухуа положенэм. А псом къадэкIуэу, Жылагъуэ палатэм къыщызэрагъэпэщынуц ЕГЭ-м пыщIа Iуэхуэхэм щыгъуазэ зыщыщIыфынуц, жэщми махуэми лэжьыгъэ телефонхэр.

Жылагъуэ палатэм иригъэжьну, Iуэхум зыщигъэгъуэзэну иригъэблагъэр кIэлъыплъакIуэхэм я зыхуэхьым, атIэ ЕГЭ-р зытынухэм я адэ-анэхэри кхыхашэ мы Iуэхум. Ар зэрекIуэкI щIыкIэм нэхъыфIу хэпщIыкIыхьу, абы пыщIа гугъуехьэхри цIыхухэр зыигъэIейтейхэри нэхъ мащIэ мэхъу.

ЕГЭ-р зэрекIуэкIым кIэлъыплъыным апхуэдэу кхыхашэнущ кIэларалым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студент нэхъыфIхэр. А Iуэхум кхыхьэну кIэлъыплъакIуэхэм я урысей зэгуэхьныгъэм и департаментым щатх. Я мурадщ ЕГЭ-р къэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм зэрыщекIуэкIыр къыщапщытэкIэ кIэлъыплъынныгъэ Iуэхум студент миниттым щIигъу кхыхашэну. Абыхэм бюджетым кхыхэкIыу иратынущ а лъэхъэнэм я псэупIэхэм, ерыскъым, гъуэгупщIэм трагъэкIуадэ ахъшэр. Илъэс кIуам а Iуэхум студенту хэтар мащIэ дыдэу щытамэ. Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм зэхъуэжащ я студент-кIэлъыплъакIуэхэмкIэ. Псалъэм папщIэ, ди республикэм щылажьащ Дон Iус Ростов къикIа волонтерхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ кIэлъыплъакIуэхэр мы гъэм кIуэнущ Шэшэнымрэ Ставрополь щыналъэмрэ. ЕГЭ-р щатыну щIыпIэу республикэм кхыщызэрагъэпэщ псоми апхуэдэ студент зырыз щыIэжьэнуц мы гъэм. Ахэр апхуэдэу хэтынущ экзамен зытахэм ящыщу хуагъэува балл бжьыгъэмкIэ мыарэзыуэ тхьэусыхахэм я лжьхыгъэхэр щIэрыщIэну къэзыпщытэж комиссэми, хъыбархэм щихэплъэ щIыналъэ центрхэми я лжьыгъэхэм.

ЩIалэгъуалэм я урысей зэгуэхьныгъэм кхыбгъэдэкIыу кIэлъыплъныныгъэ Iухьхуэм хьыхьну хуей псори а Iуэхум махуищкIэ хуеджэн, зыхуагъэхьэзырынуц ЕГЭ-р зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну лIыкIуэхэр.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ,
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Iуэхущ Iапl э и лжьакIуэ. .

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Зэ1ущIэхэр

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызэрагъэпэщ

КъБР-м Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ щызэхэтащ 2015 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр, узынщагъэр егъэфIэкIуэныр кIыхьзэгъэщыным ехпхуэу лажьэ республикэ комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудамэ - узынщагъэр хъуэныжьмкIэ министр Шэт Ирмэ, министерствэ, ведомствэ щIэхэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

САБИЙХЭМ я узынщагъэр егъэфIэкIуэн, я зыгъэпсэхугъуэр егупчуу кхыззэгъэпэщын, абы епха дэтхэнэ Iуэхуми жэуаплыныгъэ пылъу бгъэдыхьэн зэрыхуейм, псом хэмыдэу я шэнагъэншагъэм кIэлъыплъныным гупльытэ зэрыхуэщIыпхэр жиIащ зэIущIэр кхыщызэIуихым Шэт Ирмэ.

КъБР-м лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ 2015 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр кхызэгъэпэщыным, узынщагъэр егъэфIэкIуэным зэрызыхуагъэхьэзырым.

- Мы илъэсым я Iуэхум кхызэщIедгъэубыдэнущ сабий 13.500-рэ, - жиIащ министрым. - Сабийхэм зыщагъэпсэхун икIи я узынщагъэр щрагъэфIэкIуэжьын Iуэхущ Iапl э хъхьэнэм щIэгъэхуэбжьауэ зыхуагъэхьэзырын хуейщ. Нэгъабэ республикэ комиссэм щIэк-щIэныгъэ кьипщIащ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр щагъэкIуа Iуэхущ Iапl э хъхьэнэм. Мыхьэнэшхуэ ящыщщ лагерхэм, санаторэхэм я мыльку-техникэ лъабжьэр, щынагъуэншагъэм хуащI гулъытэр, я щхьныгъуэр зыхуэдэр, зыхуэныкъуэ Iэщ Iагъэпl э хэмкIэ къызэрызэгъэпэщаг. Гулъытэ нэхъ зыхуэтщIахэм ящыщщ а Iуэхущ Iапl э хэм зи лжьыгъэм хэзыщIэкI егъэджакIуэхэр, медицинэм и лжьакIуэхэр яIэнэр. Мы илъэсми а Iуэхугъуэхэр зэрагъэзащIэм ткIийуэ дыкIэлъыплъынущ.

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI Касьяновэ Татьянэ жиIащ махуэрыплажьэ лагерхэр здэщыIэну курыт щколхэр наIуэ зэращIар. Абы къызэрыхуэщамкIэ, Прохладнэ къалэмрэ Май районымрэ я муниципальнэ бюджетхэм кхыхагъэкIыр мылькурыц сабий нэхъыбэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэрызэрагъэпэщыр.

- Район, къалэ медицинэ Iуэхущ Iапl э хэм я дохутыр нэхъыщхьэхэр хэту мыгувэу едгъэкIуэкIынущ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр щагъэкIуэну Iуэхущ Iапl э хэр медицинэ лэжьакIуэхэмкIэ зэхуэсгъэпэща хъуным теухуа зэIущIэ. Лагерхэмрэ санаторэхэмрэ щылажьэнухэм, абыхэм щыIэ сабийхэм я узынщагъэр пщIэншэу къапщытэнущ.

УФ-м ЦIыхухэм я хуитныгъэмрэ зэпэщыныгъэмрэ кIэлъыплъныныжьмкIэ и федеральнэ Iуэхущ Iапl э и къудамэ КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Бэракъ Риннат сабийхэм зыщагъэпсэху, я узынщагъэр щрагъэфIэкIуэж Iуэхущ Iапl э хэм санитар хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм ткIийуэ зэрыкIэлъыплъынуц жиIащ. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, псом хэмыдэу гулъытэ хуащIынущ хущхьуэхэр зэрызэрахьэм, пщэфIэмкIэ къыщагъэсэбэп хьэкъущкIуэхэр зыхуэдэм, сабийхэр щыIэкI пэшхэм щыIэ щытыкIэм.

- Сабийхэм зыщагъэпсэхуну дэтхэнэ зы Iуэхущ Iапl э м Iэмал имыIэу медицинэ пэшхэр щыIэн икIи абыхэм лажьэну хуит зыщI тхьылхэр зэрагъэпэщын хуейщ, - жиIащ Бэракъым.

Апхуэдэу Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырым тепсэлъыхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и IуэхуэхмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуэ гуэзвэгъуэхэм я лъэужьыр ГъэзэкIуэжьныныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу республикэм щыIэм, Профсоюз зэгуэхьныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Фэеплъ

Ваннас Михаил ящыгъупщэркъым

УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща, Хэку заузшхуэм хэта Ваннас Михаил зыщIэса, Лениным и цIэр зэрихьэу Налшык дэт уэрамым и уиз №20-м фэеплъ пхъэбгъу фIадзащ мэлыжьыхьым и 8-м, 1997 гъэм дунейм ехьыжьу ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуащ.

КъыхэгъэщIапхъэщ а Iуэху щхьэпэр КъБР-м и Сурэтыщхэм я зэгуэхьныгъэм и правленэм къызэрихьэкIыр, щIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэ Советым и депутатэр абы арэзы зэрытехуар.

КъБР-м щхьэхэдэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ Ваннас Михаил щыпсэуа гъэм фэеплъ пхъэбгъу фIадзэныр ТекIуэныгъэ Иныр къызэрахьэ илъэс 70 щрикъум зэрырагъэхьэлIар, сурэтыщIым и цIэр, абы и лжьыгъэфIэкIр тхыдэм къызэрыхэнар.

- Мы фэеплъ пхъэбгъум и фIыгъэкIэ цIыхухэм ящыгъупщэныкъым республикэм и сурэтыщI гъуэзджэр, щэнхабзэр зэфIэгъэувэным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа художник Iэпщ Iэпащ Iар мы унэм зэрыщыпсэуар, - жиIащ Къумахуэм.

Зэхьыхэр езыгъэкIуэкIа уэрэджьыкIуэ, телевидением и лжьакIуэ **Аттаев Азнор** зэхуэсахэм кIэщIу ягу кьигъэкIыжащ Ваннас Михаил и гъащIэмрэ и гущIэмрэ:

- Ваннас Михаил 1908 гъэм Омск къыщалъэуащ. Пензэ дзт художественнэ училищэр 1931 гъэм, 1941 гъэм Москва живописмкIэ курсхэр къыщиухащ. 1941 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм хэтащ. 1930 гъэм щыщIэдзауэ Ваннас Михаил и лжьыгъэхэр щигъэлъагъуэу хуежьащ республикэ, союзпсо выставкэхэм. И щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэхэри Налшыкрэ Москвэрэ зыбжанэрэ щекIуэкIащ. 1948 гъэм Урысейм и Сурэтыщхэм я зэгуэхьныгъэм хагъэхьащ. Михаил и сурэтхэм кхыщыгъэлъагъуащ Кавказым и щIыуэпсым и дахагъымрэ и кьулеягъэмрэ. Ноби абы и лжьыгъэхэм ягъэдахэ псэупIэхэр, Iуэхущ Iапl э хэр. И сурэтхэр иджыри щыпIагъунущ республикэм кхыщызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Зэхьыхэм кхыщыпсэльащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр - Вачаев Къэрэмэт лжьэ **Ефэнды Джылахъстэн**, КъБР-м и Сурэтыщхэм я зэгуэхьныгъэм и правленэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий**, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI **Накуэ Феликс**, КъБР-м и Сурэтыщхэм я зэгуэхьныгъэм жэуап зыхь и секретарь **Сындыку Нелли**, нэгъуэщIхэри.

Михаил ипхъу Наталье Iуэхур зи жэрдэмхэм, зэхуэсахэм фIыщIэ яхуищащ. Абы хуагъэфэщащ фэеплъ пхъэбгъур къызэIуихын кьалэн гуэлэр. ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм пхъэбгъум и лъабжьэм деж уз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Зэхьыхэм кьрихьэлIащ гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я лжьакIуэхэр, Михаил и Iыхьлыхэр, и ныбжьэгъуэхэр, ар къэзыцIыхуу щытахэр, и лжьыгъэхэр зиигу дыхьэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Зэхьэзэхуэхэр

Тхыгъэхэр я лъабжьэу

«Сатырхэр» япэ литературэ зэхьыхьэм студентхэмрэ школакIуэхэмрэ щызэпеуащ я жыджэрагъкIэ, я къалэр фIыуэ зэрацIыхумкIэ, хъыбархэр къызэрагъэуэтыфымкIэ, ахэр зэрызэхуэхьэсыфымкIэ.

ДЖЭГУКIЭР щекIуэкIыну къыхахат ди литератор цIэрыIуэхэм я фэеплъхэр здэщыт щIыпIэхэр. ТхакIуэхэм я Iэдакъэ щыщIэкIа сатырхэмкIэ къыщIэн хуейт зэкIуэлIэну фэеплъыр. Зэпеуэм хэтым и къалэнт апхуэдэ къуэжьыу 8 къишIэу, абы къыщыщIэльэгъуэ щыпIэхэр псом япэу зэльэщIигъэхьэну. А Iуэхур псоми фIыуэ къайхъулIащ, ауэ япэ увыпIэр иубыдащ «Свеча» литературэ студием и гъэсэн Уэрыш Джамбер. КъызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, щIалэр зэхьэзэхуэм дакъикъэ 15-кIэ къыкIэрыхуат, ауэ, абыи емылъытауэ, псоми япэ ищыжьфат.

Зэпеуэм хухаша гуэргур гугъэтхэ, итIани, укъэзылъхьэ гуэрхэр Iуэхум хэлът. Зэхьэзэхуэнуэр япэщIыкIэ щызэхуэсащ Пушкин Александр и фэеплъым деж. Абыхэм я зекIуэм къызэIуигъэубыдэн хуейт Щоджэнцыкъу Алий, ПащIэ Бэчмырзэ, Кулиев Къэйсын, Горький Максим, Вовчок Маркэ, КIыщокъуэ Алим, Мечиев Кязим сымэ я фэеплъхэр здэщыт щIыпIэхэр. Иужьрейуэ школакIуэхэмрэ студентхэмрэ я лъагъуэр хуауэнтIащ Лермонтов Михаил и мывэм.

ЩIалэгъуалэм зэхьыхьэр яфIэщIэщIыгъуэ хуащ, уеблэмэ щхьэпэу кьалъытащ. Языныкъуэхэм зыкъаумысыжащ ди кьалэм сыт хуэдэ тхакIуэхэм я фэеплъ дэтми зэрамыщIамкIэ. «Иджы ди тхакIуэшхуэхэм я фэеплъхэм дащыблэкIкIэ я уэз, тхыгъэ сатырхэр Iэмал имыIэу дигу кьдгъэшъыжьнущ», - жаIащ ныкъыщIэхэм.

Литературэм и илъэсым хьыхьэу «Сатырхэр» джэгу зэхьыхьэм хуэдэу, «Дэнэ щыIэ а уэрамыр? Дэнэ щыIэ а унэр?» зи фIэщыгъэ зэхьэзэхуэхэри Налшык щокIуэкI. КъыкIэлъыкIуэ апхуэдэ зэIущIэр мэлыжьыхьым и 18-м екIуэкIынущ, абы хэтыну хуейжэм press-minsmi@yandex.ru адресым зыщагъэтхэнтхъэщ.

Мы Iуэхур къызэрегъэпэщ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, тхыльхэр фIыуэ зыльагъуэм я зэгуэхьныгъэр республикэм щыIэр и дэIэпыкъуэгъуэу. Абы къыщыхэжаныкIэхэмрэ пашэ щыхьэхэмрэ Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ Пьэпкъ библиотекэм мэлыжьыхьым и 24-м щагъэлъэпIэнущ.

ЩОМАХУЭ Дарье,
КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ Iапl э м и лжьакIуэ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «IэфIыпс» - 3:1

УрысейФедерацэм футболымкIэ и этIуанэ дивизионым и «Ипщэ» цыхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм икIи итIа вэсэмахуэ зэхэта зэIущIэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым Краснодар краймкIи «IэфIыпс» командэр 3:1-уэ щыхигъэщIащ. Ди щIалэхэм ящыщу топхэр дагъэкIащ Васильев Антон, Гущюкъуэ Арсен, Къуэн Заурбэч сымэ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «IэфIыпсымрэ» я зэпэщIэтныныгъэр зэрекIуэкIамрэ зи чэзу джэгугъуэм и ужькIэ турнир таблицым игъэта теплъэмрэ ятеуэуа тхыгъэ диГазетым тетынущ.

ХЬЭТАУИслъам.

Сакъынытэр ягъэнэхъыщхьэ

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым хъыбар фегъаШIэ православнэхэм я гуфIэгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым - IутIыжьым - ирихьэлIэу республикэм шынагъэншагъэ къыщыззэгъэпэщыным егъэщIыпIа Iуэхуэр зэрыщагъэкIыжьыр. Фщ1эну дыхуейщ шынагъэншагъэр къызэгъуэпэщыным, щIэпхъаджагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэпыудыным фи сакъынытэм, фхэпъ жэуаплныгъэм, дэтхэнэ цIыхури хабзэхъумэхэм ядэлэжьэну зэрыхьэзэрым куэдкIэ елытагъэ зэрыщыгтыр. Шэч зыхуэфщI цIыхухэм, зыгуэрхэм кьагъэна хьэпшыпхэм ятеуэуа хьыбархэр икIэщIыпIэкIэ хабзэхъумэхэм яIэрывгъахьэ мыпхуэдэ телефонхэмкIэ:

- КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым - 48-15-48;
- Урысейм и ФСБ-м КъБР-м щIэ и къудамэм - 48-15-81(дзыхь зэрыгъэзэ телефон);
- КъБР-м щыIэ МВД-м - 40-49-10 (дежурнэ часть); 49-50-62 (дзыхь зэрыгъэзэ телефон);
- Урысейм и Следственнэ комитетым КъБР-м щIиэ къудамэм - 77-64-22 (дзыхь зэрыгъэзэ телефон);
- Урысейм и МЧС-м КъБР-м щIиэ къудамэ нэхъыщхьэм - 39-99-99 (дежурнэ часть).

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

Зощенкэ Михаил и Iэдакъэщ Iэкlхэм я мыхьэнэр

Литературэм и илъэсым хьыхьэу республикэм къыщызэрагъэпэщ зэхуэсхэм ящыщ Сурэтыщ1 гъуэзджэмкIэ музейм щекIуэкIа зэIущIэр.

КАВКАЗ Ищхьэрэм гъуэзджэхэмкIэ и къэрал институтым театрымкIэ и факультетым и 2-нэ курсым щIэс щIалэгъуалэр утыку къыщеджащ урыс тхакIуэ Зощенкэ Михаил и рассказхэм. Пэжыр жыпIэмэ, мыпхуэдэ зэхьыхьэхэм Iэмал къыдатынущ къэкIуэну зэманым сыт и лъэныкъуэкIэ нэхъ зыдужьыну дыхуейми зэхэдгъэкIыну: е тхылъыр ди Iэпэгъу хуэжьнщ, е иджырей технологиещIэхэм дызыщIашэрэнщ.

1894 - 1958 гъэхэм я зэхуакум дэлъа зы цIыху гъащIэм, Зощенкэ Михаил ейм, кIэщIу тепсэлъыхьащ Рамонов Алан. Гъэгуанэ гугъу ирикIуат а тхакIуэр, щIэтэи и щIыхьыр къыщамыльытэжаи къыхуихуауэ.

- Дзэм къулыкъу щищIэу орден зыбжани къыхуагъэфэщауэ армэм къыхэкIыжа нэужь, Iэнатlэ куэд зэрихъэкIащ Зощенкэ Михаил: пхъащIэуи, вакъащIэуи, Петроград дзэ къхъуэ тедзапIэм и лэжьакIуэуи щытащ. А зэманым ирихьэлIэуи абы литературэм нэхъ зэритат. И Iэдакъэ къыщIэкIащ «Перед восходом солнца» повестри, нэгъуэщIхэри.

Ленинград комедиемкIэ и театрым, Акимов В. Н. и цIэр зезыхьэм, и режиссер нэхъыщхьэм и лъэIукIэ Зощенкэрэ Шварцрэ «Под липами Берлина» пьесэр ятх. Лжьыгъэм къыхэщырт советыдзэм Берлин къыщтаэу, абы щигъэм театрым укъыщIэкIмэ - нэмыщхэм Ленинград иджыри яIыгът.

1946 гъэм абы къратащ «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941 - 1945 гг.» медалыр. Мазищ дэкIри, тхакIуэм «Приключения обезьяны» эпIейшща и рассказыр «Звезда» журналым кьытрадза иужь, ар Хэкум и бийуэ къальытэри, ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьащ. КъыкIэлъыкIуэ зэманым ар зэдзэкIакIуэу лэжьащ, - жиIащ студентым.

Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэхэмкIэ и къэрал институтым щеджэ ныбжьыщIэхэм утыку кьрахьащ Зощенкэ Михаил ихтаУ щыта «Парусиновый портфель» рассказыр (зы илъэсым кьриубыдэу 200-рэ Ленинград театрым щагъэлъэгъуар), «Кочерга», «Баба» тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м ГъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэхэмкIэ и къэрал институтым и кафедрэм и унафэщI, доцент Балъкъэр Тамарэ кхыхигъэщащ: «Зощенкэ Михаил и Iэдакъэщ Iэкlхэр нэхъыбэу зыщIыхуу нэхъыжьхэращ, щIалэгъуалэм ящыщу мащIэщ абыхэм щыгъуазэр. Абы и рассказхэр щIыхубэм нэхъ пэгъунэгъу бзэкIэ тхащ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр тхакIуэм Iэщ Iагъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрихьэкIауэ зэрыщытар арагъэнщ. КъызэрысщыхьукмкIэ, Зощенкэ и тхыгъэхэм артист ныбжьыщIэхэм дерс кхыхахьэфынущ, сыту жыпIэмэ, абыхэм жыджэрагъ яхэлъщ, гурыщIэ зэхуэмыдэхэр кьрибгъэлъэгъуфынущ».

ЗэIущIэм нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я гупсысэкIэ щызэдгъэгъашащ, псом хуэмыдэу литературэм, тхылъым я мыхьэнэр абы къыщыдэтащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур, «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Налшык» ОРТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» РИА-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «КъБР-м и СМИ-хэм я Iуэхущ Iапl э м я лжьыгъэр къызэрыгъэпэщыжьмкIэ комплекс центр» ГКУ-м, «Тетраграф» ООО-м я лжьакIуэхэм журналистикэм и ветеран, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щыта **Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэм** хуогузавэ абы и къуэ **Залым** зэрылIам хуэхьэкIыу.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министерствэр, республикэм и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я союзхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» зыгъэлъагъуэ телевидиэнэ канал» къэрал Iуэхущ Iапl э м, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниеи, «Налшык» ОРТК-м я лжьакIуэхэрКъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин Лалушэ и къуэм** хуогузавэ абы и анэ далъху **Къумыкъу Хьэсанш Жэмалдин и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Щэрдан Iэмырхъан Жэхьфар и къуэр игъуэ нэмысу дунейм зэрехьажам къыхэкIыу и ныбжьэгъуэхэмрэ и гущэгъуэхэмрэ яхуогузавэ абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ.

● Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу

Гроднэ къалэм щІыхь зиІэ и цІыху Семэн БетІал

1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм лыгъэрэ хахуагъэрэ кІигъэлъагъуэу хэта ди лъахэгъуэм ящыщ Джэрмэншык къуажэм щыпсэуа Семэн БетІал (Борис) Исуп и къуэр. Жэпуэгъуэ революцэ инымрэ совет властыр щагъэуВ лъэхъэнэмрэ зи сабиигъуэр ирихьэлІа БетІал пасэу зыхищІащ гъащІэм хэлъ лъэпощхьэпохэмрэ гуащІэдэкІ лэжьыгъэ хьэлъэмрэ я гугъуагъыр.

БЕТІАЛ и ныбжьыр мазищ ирикъуа къудейуэ арат, абы и адэр гуузу дунейм щекІыжам. ЩІалэ щІыкІыр къэхуащ, и анэмрэ адэ къуэш Хьэмэтрэ я нэІэм щІэту. Жьлэм дэт илъэсибл школыр кІуиха нэужь, БетІал учётчикыу щылэжащ, къуажэм щыІэхэт хозяйствам. Аксыпыфіэу, жану зыкъэзыгъэлъэгъуа щІалэщІэм куэд зэрыхуэзфІэкІынум гу лъатащ икІи колхоз правлениэм, парт, комсомол зэгухэзныгъэхэм я унафэщІхэм я жэрдэмкІэ ар еджапІэ ягъэкІуащ Мэртэзей дэта мэкъумэш школым. Ар кІуихьыным хунэмысу, зи ныбжьыр илъэс 20 ирикъуа БетІал 1938 гъэм Дзэ Плъыжьым ираджащ. Дзэ къулыкъым епха Іэхэугъуэхэм щыкурагъаджэ курсхэр Витебск екъуІэныгъэкІэ къыщыухри, Семэнэр зэгъэзащІ зыхэха 27-нэ фочауэ дивизэм хьихь 345-нэ полкым и артиллерие взводым и унафэщІым и къуэдзэу.

Зауэр зищІысыр Семэнным ятпэу игъэунэхууам 1939 гъэм - ар яхэтащ Белоруссиер полякхэм къаІэщІэзыгъэкІыжахэм. А Іэухгуегъэр зэфІэкІа нэужь, дивизэм и командованием и унафэкІэ БетІал еджапІэ ягъэкІуащ Рязань дэта дзэ-политикэ училищэм, арщхьэкІэ ар къымыух щыкІэ 1940 гъэм фин зауэм Іухьащ. Выборг и Іашэлъашхэм лІыгъэ хэлъу щызэуащ адыгэ щІалэр, Маннергейм линием и еБгърыкІуэныгъэм хэтащ, уІэгъэ хьэлъи хъуащ.

УІэгъэшъем Семэнныр къыщыщІэкІыжар 1941 гъэм и гъатхэрэщ. Ар занщІэу ягъэкІуэжащ и частым, едэжнем пищэн папщІэ. Ауэ щІалэм и мурадкэр Хэку зауэшхуэм аргуэру къызэпиудащ. Ар зауэм Іухьащ топгъауэ гупым и унафэщІ. Вязьмэ деж щекІуэкІа зауэ хьэлъэхэм хэтащ БетІал, лІыгъэрэ хахуагъэрэ ягъэгъалъагъуэ. Адыгэ щІалэм бгъэдэлъ зэфІэкІэр аргуэру гупльтэнщэ хъуакъым икІи абы дзыхь къыхуащІащ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэухгуегъуэ.

- Зауэ гуащІэхэм дыхэтаУэ, жэщыбгъум штабым сраджаУэ щытащ, - игу кІиргъэкІыжырт Семэнным. - СызэдыщІыхьам къыщыслэпІэрэт КъухьапІэ фронтым и штабым и унафэщІ генерал-лейтенант Крыжановскэмрэ дзэ штабым и унафэщІ генерал-майор Чернышовымрэ. Белоруссием и щІыналъэхэм сызэрыщІыхьэрам зэрыщыІэ къуэдзэ. Генералхэм унафэ къыслухуащІащ абы хьихьэ Барановичскэ областым партизан зэщІэхъеенныгъэр къыщыІэзэгъэпэщын папщІэ, си къулыкъым абы щыпысщэну. Унафэр унафэти, абы пыкІи пылъхьи иІэтэкъым икІи ар къызыхуэтыншэу зэрызгъэщІэным сыхуэщІэкъуу Іэухум иужь сихьащ.

Езым хуэдэ зауэлІ гуп и гъусэу Семэнным ятпэщыкІэ зыхуигъэхьэзыращ къыпІэщыІть къаІэнр гъэзэщІэным: щІыпІэм и топографием зыщагъэгъуэзащ, лагъыжкэр зэрыщІалъхьэмрэ къызэрагъаУэмрэ хэлъ щэхуэр зрагъэщІащ, Іэщэ лІэужьыгуэ зыбжанэми хуэІэрыхуэ заущІащ. А псори зэфІэкІа нэужь, адыгэ щІалэр зи пашэ гупыр бийм и щІыбагъ «дагъэтІысхьащ», Неман, Щары псыхэм яку дэлъ Липчанскэ мэзылъэ щІыпІэм хуэзэу. БетІал и нэІэм щІэту лэжьыгъэшхуэ щекІуэкІащ а Іэгъуэблагъэм къриубыдэ мэзэхэм, псыпІэгъэм. Партизан гупхэр къызэгъэпэщыныкІэ сэбэпышхуэ хьэрт щхьэусыгыпхъэ зэхуэмыдэхэмкІэ бийм и щІыбагъ къыщІэнэзу щытащ коммунистхэмрэ комсомолецхэмрэ, апхуэдэуи зэныщІэуІэхэм къикІуэсыкІыжа совет зэуэлІхэмрэ къэухъуреиныгъэм ихуаУэ щхьэ егъэзэпІэ зымыгъэту мэзэхэм къыщІэна сэлэтхэмрэ.

Ди лъахэгъу щІалэм зэман кІэщІым къриубыдэу зэтриублащ партизан гупым и лэжьыгъэр. Партизанхэр щхьэу дыхьэрт гъунэгъуу щыс жьлэжьм, къуажадзэхэр къагъэсэбэпурэ бийм текуэу хъыбархэр зэхуаХьэсырт. Ахэр дэз штабхэм зэрыхъкІэ лъагъэІэсырт. Езыхэри щхьэмыгъаззу езаУэрт зэрыпхъуакІуэ ерум: фронтым Іэщэ зэрашэ мафІэгъэхэр, ахэр зрыкІ лъэмыжжэр къагъаУэрт, бийм и быдапІэхэм, хъумапІэхэм мафІэ лыгъэйр ирадзырт. Гупым зыІэрригъэхьа яІэ екъуІэныгъэшхуэхэм ящыщу Семэнным игу къэІэкІыжырт Орля къуажэм дзэ нэмыцэ гарнизонкІэ кьанэ щымыІэу партизанхэм эстракьутаУэ зэрыщытар. Абы щыгъуэ партизанхэм зэтраукІаУэ щатащ нэмыцэ зауэлІу пщІы бжыгъэкэр, гъэрэ къэштат фашист офицер, апхуэдэу бийм и автомашинхэр ягъэсат, Іэщэ куэди зыІэрагъэхьат. А теуэм и ужькІэ партизан гупым «Орлянскэ» цІэр фІащауэ щытащ.

Апхуэдэ зауэ гуащІэхэр иригъэкІуэкІыу Белоруссием щыІащ Семэн БетІал. Партизан гуп цІыкІухэр зэхагъэхьэжу Лениным и цІэр зезыхьэ бригадэ къызэрагъэпэща нэужь, щІалэ хахуэр тІасхьэщІэж взводым и пашэу, ротэм и политрукуу щытащ. Семэнным хэлъа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ щІыхьэт техьэу дэфтэрхэм ящыщыщу Совет Союзым и ЛІыхъужь Синичкин Фёдор, нэгъэущІ дзэ унафэщІэмэ и Іэр зыщІэлъыр. «Партизан гупым зэрыхэта илъэсхэм къриубыдэу лейтенант, коммунист Семэн БетІал зыкьитІэльэгъащІ зауэлІ щхьэмыгъаззу, хахуэу, гупыр игъэкІэ зышэф къызэгъэпэщакІуэ ІэкъуэлъакІуэу, унафэщІэзэм зауэлІэмэ пщІэ зыхуащІ хэкупсэу. Абы и унафэм щІэт партизан гупым бийм и мафІэгу эшепон зыбжанэ щхьэпрыфагъэдзащ, лъэмыжк къэр къагъэуащ, нэмыцэ зауэлІу щэ бжыгъэкэр гъэру къащтащ, мащІэжьым яуклІри», - итщ а тхыльым.

Белоруссием и къалащхьэ Минск нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм къыщІэщІагъэкІыжа нэужь (1944 гъэм и бадзэуэгъуэм и 3-м), Семэн БетІал щІыпІэ хозяйствэр а щІыпІэм щызэфІэгъэувэжыным епха парт-совет Іэнатіэ зыбжанэм щыпрытащ. Ар щытащ партыми Дятловскэ райкомым и инструктору, абы и гъэзэгъэ къудамэм и унафэщІу. 1945 гъэм Семэным къиухащ КПСС-м и Барановичскэ обкомым и совпартшколыр.

1946 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэращ щалъхуа щІынальэм Семэным къыщигъэззэжар. ЗауэлІ хахуэм, партизан щхьэмыгъазэм и бгъэгъум щылыдырт зауэ орденхэмрэ медалхэмрэ. Абыхэм ящыщщ Хэку зауэ дэдеим и 1-нэ нагъыщэр, «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, «Минск хуит къызэращыжам папщІэ» медалыр, нэгъэущІхэри.

Зауэ нэужьым Борис лъэкІ къимыгъанэу хэлэжьыхьащ щІыхьэ хозяйствэр зэфІэгъэувэжыным. А псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщІэ абы къратащ къэрал дамыгъэ зыбжанэ. БетІалрэ и щхьэгъусэ Сасэрэ эздагъэутащ, эздапІащ икІи гъащІэм лъэ быдэкІэ хагъэуващ бынищ. Хьыджэбз нэхъыжь Светланэ химие щІэныгъэхэм я кандидатщ, КъБКъУ-м и доцентщ. Абы къыкІэлъыкІуэ Жаннэ медицинэ щІэныгъэхэм я докторщ, Бурденко и цІэр зэрихьэу Москва дэт, нейрохирургиемкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым щолажьэ. Я щІалэ закъуэ Руслан усакІуэ Іэзэу щытащ.

Семэныр дунейм ехьжащ 1979 гъэм и накъыгъэм и 5-м. Абы и фэеплъ нэхур сакъыу яхьумэ къыщІэна щІэблэм. Апхуэдэу Семэн БетІал и цІэр дыщэпскІэ хэтхащ Белоруссием и партизан зэщІэхъеенныгъэм и тхыдэ купщІафІэм. Ар Гроднэ къалэм щІыхь зиІэ и цІыхуц. Адыгэ щІалэм теуха дэфтэрхэмрэ суратхэмрэ пщІэ ящыщ Белоруссием и Дзэ къэрал музейм.

ЛІУП Нурхьэлий,
Джэрмэншык къуажэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ.

КОММОДОВ Геннадий:

Адыгэ «сызэрыхъуам» зэи сыхущІегъуэжакъым

«Адыгэ хъуа урыс», «урыс лъэпкъым къыхэкІа адыгэ нэс», «адыгэпсэ зыІут урысыл!» - апхуэдэ псалъэхэр куэдрэ гуапэу хужаІэ Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэкъуажэм щыщ Коммодов Геннадий Константин и къуэм. Ар зымыщІыхурэ абы бгъэдэлъ щІэныгъэм, зэчийм, зэфІэх Іуэху екІухэм щымыгъуазэрэ жьлэми районми щыбгъуэтыну къыщІэкІынукъым. «УФ-м и щыхуэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и отличник» щІэ лъапІэр зезыхьэ Геннадий илъэс 55-кІэ пэрытащ егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэм, абы щыщу илъэс 28-кІэ ар и унафэщІу щытащ Шэджэм щІынальэм урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджу ис псомэ я методикэ зэгухьэныгъэм. Сыт хуэдэ къалэн имыгъэзэщІами, ныкъусаныгъэншэу, Іэнатіэр иригъэфІакІуэу, зыхэт гупым, и нэІэм щІэт ныбжьыщІэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм пщІэшхуэ къыхуащІу ирихьэкІащ егъэджакІуэ гумызагъэм, гъэсакІуэ нэсым. И жьлэмрэ и къуажэгъуэмрэ фІы дыдэу зылъагъу хэкупсэр сыт щыгъуи хущІокъу Щхьэлыкъуэ и щІэфІыр дэнэкІи щигъэІуну. Абыхэм ятеуха тхыгъэхэр абы щІэх-щІэхьыурэ къытрырегъадзэ районым, республикэм къыщыдэкІ газетэхэм, журналхэм, тхылъ щхьэхуэ зыбжани къыпыкІащ хэкупсэм и къалэмыпэм.

Коммодовым и ныбжьыр илъэс 85-рэ иджыблагъэ ирикъуащ. Ди лъэпкъым хэсу, ди тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр фІы дыдэу ищІэрэ пщІэшхуэ хуищІу, арджыным гулъытэ хэха ириту псэу нэхъыжьыфІым зыхуэдгъэзащ икІи и гъащІэмрэ и Іуэхущіафэхэмрэ ятеуха упщІэ зыбжанэ етащ.

● Ди нэхъыжьыфІхэр

Коммодов Геннадий. *1944 гъэ*

- Геннадий, псом япэрауэ, фІыуэ укъэзылъагъу, пщІэшхуэ къыпхуэзыщІ щхьэлыкъуэдзэхэм, щІэныгъэм и гъуэгум тепщакэм къабгъэдэкІыу си гуапэу сынохъуэхъу уи юбилеймкІэ. Узынщагъэ уиІэу куэдрэ дяпэ Тхьэм уригъэт. Уи хьэл-щэнкІи, уи гъэсэныгъэкІи уадыгэ нэсщ уэ, нэхъыщыхьэращи, ди анэдэлъбэзэр щэрыуэу пІурылъщ, пэжырытхэм и хабзэхэмрэ псалъэхэм я мыхьэнэмрэ фІы дыдэу ущыгъуазэщ. Апхуэдэу адыгэ «хъунымм» и къежьапІэхэм утхугепсэлъыхьыжьамэ, арат.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым, Щхьэлыкъуэкъуажэм щыпсэуа щалъхуа щІалэ хахуэр ЩхьэлыкъуэкІэ щыщ. «Дивадцатипятитысячник»-кІэ зэджэу щыта Іэщіагъэлі гупым ящыщащ ар. Си анэм и кІалэнт бгырыс щІалэм и щІыхуэм я узынщагъэм кІэлъыплъыну, щІыпІэм абы щыгъуэ зыщщэзыуфІыгъуэу щыта техьэгъуэ узым, ныбэ узым, нэгъуэщІ узыфэ зэрыщІалэхэм щІыхуэхэр щихъумэну. Зоанэзэкъуэр илъэс зыбжанэкІэ гугъу дыдэ дехьауэ жиІэжьыт си анэм, екІуэлІапІэ, псэупІэ гуэри схэхуэ дьэзэримыІэм къыхэкІэ. 1937 гъэм ирихьэлІэу дэ ЩхьэлыкъуэдыдэщІысхьащ, икІи ар псэупІэ тынш тхуэхъащ.

И Іэщіагъэм къыхуахуаУэ зыхужаІэхэм хуэдэт си анэр. Абы куэдрэ къысхуиІуэтэжу щытащ сымаджэхэм еІэзэн щхьэкІэ, адыгэ къуажэхэр - Шэджэм Езанэ, Шэджэм ЕтІуанэ, Джэрмэншык, Кэнжэ, Жэрумэкъуэ, Нартан, Брамтэ хуэдэхэр - цыгурыкІэ е лъэсу къызэхикІуэкІ зэрыщытар.

ЩхьэлыкъуэдыкъыщІэтІысхьэжу, жьлэхэр къыщІэзэхикІуэкІІэ, си анэм сэри сыкъызыдришІэкІ хуей хъурт. ИужькІэ, а къуажэр псэупІэ тхуэхъуа нэужь, ди гъунэгъу унэгуащэхэм ядакъым си анэм сызэдришаежьу, тІури гугъу дызэрехьыр яІыгъуртри. Абыхэм сыкъыгъанэрти, я бынхэм хуэдэу сыкъІэлъыплъырт, сагъэмэжалІэртэкъым.

Сыкъызыхэхуари сыкъызыдэхъури адыгэ сабийхэрат, сызэрыпсалъэри абыхэм я бзэрат, зэрызысщІри абыхэм зэрызащІым ещхьут. КІэщІу жьлэмэ, апхуэдэу адыгэ «сыхъуэ» хуежьащ, абыи зэи сыхущІегъуэжакъым.

Псэуху, си анэм Тхьэшхуэм фІыщІэ хуищІащ адыгэхэм дакъызэрыхэхуам папщІэ. Абы жиІэ пэтми, хуэухьыртэкъым адыгэхэм я хабзэхэм я дахагъыр, я цІыхуфІагъыр, я хьэлэлагъыр, абыхэм я шхынЫгъуэхэм я Іэфіагъэ зыхуэдэр. ИужькІэ, зыгуэр къызэгурыІуэ сыхъуа нэужь, сэри псэкІэ зыхэсщІащ дыкъызыхэхуа адыгэ лъэпкъыр сыт и лъэныкъуэкІи зэрытелъыджэр. Адыгэ хабзэр, адыгэ тхыдэр, адыгэ щэнхабзэр, адыгэбзэр, езы цІыхуэр - псори си гум къыдыхьэу, си псэм къехуэбылІэу сыкъэхуащ. Ноби аращ.

- Къужажм дэт курыт школыр къыщыбухам, узыхуедджэну Іэщіагъэр бубзыхуакІэт, Геннадий?

- ЩІэныгъэм дапщэщи пщІэшхуэ хуищІыр си анэм. И лэжьыгъэм къыщыдэхуэ зззэмызэм ар таурыхъхэм къысхуедэжэрт, хьыбарыжьхэр къызжиІэжырт. «Тхылъым къыпхуэзІуихьнущ дуней хьэлэмытэщэ», - жиІэрт абы.

1938 гъэм ятпэ классым сыщІэтІысхьэри нэхъыфІ дыдэхэм, жьыджэрхэм сащыщу седжащ. ЕбгъуэнэІ класс сыщыхъуам ятпэ Іуэхугъуэшхуэ си пщэ къыдалъхьащ: директорым и унафэкІэ школым къыщыззэгъэпэщащ. Еджэныр къэзухьыу, ар си Іэмыщіэ ильащ. А лъэхъэнэм ирохьэлІэ егъэджакІуэ сыхъуну мурад щысщІари.

Школ нэужьым сыщІэтІысхьащ егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыру Налшык дэта Іуэхущіапіэм. Ар екъуІэныгъэкІэ къэзухри, къуажэм къэзгъэзэжащ, школми гъэкъэн щыщІэздзащ урысыбзэмрэ урыс литературэмкІэ егъэджакІуэу. Си Іэщіагъэмкіэ збгъэдэлъ щІэныгъэм хэзгъэхъуэну сыщІэхъуапсыри, Къэбэрдей пединститутри 1954 гъэм къэзухьжауэ щытащ, сызэрылажьэм хуэдэурэ.

ЕгъэджакІуэ Іэщіагъэр мытыншми, жэуапльныгъэ ин пІультыми, сэ дапщэщи сфІэфІу саДзэпэжьащ ныбжьыщІэхэм, абыхэм зыІэрагъэхьэ екъуІэныгъэхэм си лъэр нэхъри щІагъэкІыу. Школым щезгъэджэжхэм яхэтт сэ нэхърэ куэдкІэ мынэхъыщІэ си ныбжьэгъу адыгэ щІалэ щыкІуэр. Адыгэбзэр сэ къысІурызыпІхьа си ныбжьэгъуэхэм иджы сэ урысыбзэр езгъэщІэну Іэмал къысхуэкъуэкІати, сыгуфІэрт. Къагурымыуэ къыхэкІмэ, бзитІри урокым щызэдэгъэлажьэрти, Іуэхур хъарзынэу зэфІэкІырт.

Школым щезгъэджахэм ящыщ куэд республикэм и щІыху цІэрыІуэ хъуахэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ Елгъэр Кашиф, АР-ми КъШР-ми щыхь зиІэ я журналист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мэзэхьэ Борис, медицинэ щІэныгъэхэм я докторхэу, профессорхэу Елгъэр Анатолийрэ Хьэщыкъуэй Іэсиятрэ, усакІуэ Іэзэ Къуныжь ХьэІишэт, Къэрэшей-Шэрджэсым щыхь зиІэ и усакІуэ, «Минги-тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ Додуев Аскэр, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, Хэкурыдж музейм и унафэщІу илъэс куэдкІэ щыта КІэрэф БетІал, КъБР-м щыхь зиІэ и дохутыр Мечиев Хьызыр, нэгъуэщІхэри. Сэ срогушхуэ, сропагэ си гъэсэныгуытахэм я екъуІэныгъэхэм, си гуапэщ абыхэм я хъыбарыфІ зэхэсхмэ.

- Уэ уи Іэзагъэмрэ уи Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ Шэджэм районым республикэмк я егъэджакІуэ пашэхэр щыгъуазэт. Бгъэдэлъ щІэныгъэ куумрэ епхьэкІа лэжьэкІэ екІумрэ я щыхэтщ Москва къыщыдэкІыу щыта «Русский язык» журналыр пщІэ къыпхуищІу къыптетхыхьу уи методикэр къэрал псом хэІущІыІу зэрыщищІари...

- 1974-1975 гъэ еджэгъуэщІэм щІэздзэжаГащІэт абы щыгъуэ. Республикэм и районхэм урысыбзэр щезыгъэджэм я методикэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр Налшык дыщыщэхуащэсри куэджаГат ди лэжьыгъэм, егъэджэкІэ мардэхэм щыгъуазэ зыхуищІыну «Русский язык» къэралпсо журналым и ІэдакъэлІ республикэм къызэрыкІуар. Ди еджапІэм а унэтІныныгъэмкІэ Іуэхугъэ зэрыщыІэр зэрыщыІэзтеублам унафэщІхэр щыгъуаззэти, хьэщІэ лъапІэр - журналист цІэрыІуэ Смеляковэр - гъусэ къысхуащІри Щхьэлыкъуэ школым къэсщащ. Абы нэгъэсауэ щыгъуазэ зыхуищІащ еджакІуэхэм сазэрыдгъэлажьэ методикэм, дерсхэм къыщызгъэсэбэп Іэмалхэри и нэкІэ зригъэлъэгъуащ, ныбжьыщІэхэм яБгъэдэлъ щІэныгъэмрэ зэфІэкІэкІэмрэ набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъащ. ИужькІэ «Русский язык» журналым (1975 гъэ, №92) къыытехуа тхыгъэм а псори къыщигъэлъэгъуэжауэ щытащ корреспондентым. «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Щхьэлыкъуэкъуажэм дэт курыт школым урысбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Коммодов Геннадий сабийхэм ярит щІэныгъэм и лъагагъэр Москва дэт дэтхэнэ еджапІэми щратым нэхърэ зыкІи нэхъ лъахъшэкъым. Апхуэдэ Іуэху зехьэкІэ пэрытым, методикэ лъэщым къэрал псом эыщегъэужьын хуейщ», - итт ди лэжьэкІэм теуха тхыгъэм. А ехьулІэныгъэм, дауи, я фІыгъэшхуэ хэлът школым и унафэщІхэми ди егъэджакІуэхэми.

- Къэралпсо еплъныгъэзэпеуэхэм ятпэ увыпІэхэр къыщихьу илъэс зыбжанэкІэ екІуэкІащ уэрэ уи щхьэгъусэ, тхыдэмкІэ дэ дезыгъэджащ щыта Ольгэрэ къызэрыгъэпэщауэ щыта школ хэкурыдж музейм. Абы и гугъу къытхуэщІыжыт.

- НыбжьыщІэхэм ядегъэкІуэкІыпхъэ хэкупсэ гъэсэныгъэм и щапхъэ дахэт а школ хэкурыдж музейр. Ар къызэрызэдгъэпэщар нэхъыбэу зи фІыгъэри Ольгэрэ. ЕгъэджакІуэ ІэкъуэльакІуэм, хэкупсэ щыпкъэм къыгурыІуат и щІынальэр, фІыуэ ильагъу щІыпІэм ехьэлІа псори дэтхэнэ щІыхуэм и дежкІи мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуу зэрыщытыр. Абы и классым и зы планэнэпу къежьа а музейм, зиужьурэ, ятпэщыкІэ зы пэш щхьэхуэ хъуащ, иужькІэ Іыхьищу зэхэт гъэльэгъуэныгъэ ин къишІыкІащ. Музейм щІэтпІэхьэну дэфтэрхэмрэ хьэпшыпхэмкІэ гугъуехьышхуи дыхэтакъым. Зи адэжь хэкум, щалъхуа щІыналъэм я тхыдэр зыщІыжьыну хуей, абыхэм я къекІуэкІам ехьэлІа къэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІыну щІэхъуэпс ныбжьыщІэхэм, «я щхьэ хэтІауэ» жьыуІэм хуэдэу, Іуэхум яужь ихьащ. Абыхэм къыгуІуеижьыт я унагъуэщІэхэм, лъэпкъым я тхыдэр, абыхэм ятеухуауэ къуажэм и нэхъыжьхэр къагъэпсалъэрт, адыгэхэм, балъкъэрхэм ипэкІэ зэрахьэу щыта щыгъынхэм, къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэм ящыщу ягъуэтыр музейм къахьырт.

Школакіуэхэм я мызакъуэу, лэжьыгъэм къыхьихьат къуажэдэс нэхъыжьхэри. Апхуэдэу ХъутІэ ТІомашэ ди школ музейм тыгъэ къыхуищІауэ щытащ и адэшхуэм къыщІэнаэу иІэ гъуКІэ Іэмэпсымэхэр, езым и Іэдакъэщ Іэкі хьэпшыпхэри я гъусэу. Апхуэдэу музейм щІэлъщ къуажэм и тхыдэм, абы и цІыху цІэрыІуэхэм ятеухуа тхыгъэхэри.

Абы щІэлъ экспонатхэм псом хуэмыдэу наІуэ къыпщащІ Хэку зауэшхуэм и зэманым ди къуажэгъуэм зэрахьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я инагъыр. Щхьэлыкъуэдсхэр щІэзуэу щыпІэ куэдым къраха хьэпшыпхэмрэ дэфтэрхэмрэ музейм и зы блныныгъэр хухахащ. Ди гъэсэн къэхутакІуэ ныбжьыщІэхэр ди гъусэу дэ мызэ-мытІэу дыщыІащ ди лъахэгъуэр щІэзуэ щыпІэхэу Москва, Санкт-Петербург, Киев, Волгоград, Новороссийск, Днепропетровск, Севастополь къалэхэм, дэфтэр мымащІи къэдгъэтхьащ абыхэм ятеухуауэ.

ЦІыху цІэрыІуэ куэди къытхуеблІэгъащ ди музейм, тыгъэ лъапІэхэр къытхуащІу.

- А псоми къадэкІуэу уэ илъэс 43-кІэ урысыбзэмрэ литературэмрэ щеджэджащ ди къуажэм пэмыжьжьэу Каменкэ дэт тутнакъэщым и пщыхьэщхэрыедж школым. Апхуэдиз лэжьыгъэр пхулъэкІынтэкъым, дауи, уи щхьэгъусэ щыпкъэр, уи унагъэум ис псоми быдапІэ лъэщу уи щІыбагъ къыдэмытамэ.

- Ольгэрэ сэрэ дыщылажьэ школыр унэ етІуанэ тхуэхъуат. Унагъэ Іуэхухэрэ Іэнатіэм епха къаленэхэри дызэгъусэу, дызэчэнджэщу, дызэдэІэпыкъуэу етхьэкІащ. Класс унафэщІу, тхыдэмрэ географиемрэ езыгъэджэхэм я школ, щІналъэ зэгухьэныгъэхэм я пашэу зэрыщытым, си щІэныгъэм хэзыгъэхуэну республикэ институтым къекІуалІэ егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм лекцэ щІэхщІэхьыурэ къаззрыхуеджэм къадэкІуэу, Ольгэ унэгуащэ хъарзынэт, бынищым я анэ гумащІэт, пхъурылъхухэм я анэшхуэ Іэфіт.

Тхьэшхуэм къытхуихиа илъэс бжыгъэм хуэдизкІэ дызэдэпсэуащ дэ, насыпыфІэу, тыншу, дызэгурыІуэрэ дызэдэІуэжу. БлагъагъэкІэ хэдубыдхэми адрей къуажэдэсхэми хуабжьу пщІэшхуэ къызэрытхущІыр дэ иджыри зэ зыхэтщІащ Ольгэ дуней щхьэжа зэманым. Зы урыси ипэкІэ щыщІамылъхьа къуажэкхъэм пщІэ щиІэу щыщІалъхьэжащ си щхьэгъусэр. Ди гуаэуэр къыддэзымыгуэша Щхьэлыкъуэ къыдэмынами ярейт. Адыгэ хабзэри щэнхабзэри гукІи псэкІи гъунэгъу зыхуэхъуа дэ апхуэдэ гулъытэр гуапэ дыдэ тщыхъуауэ щытащ.

- Апхуэдэ пщІэ лъагэр фэ фхуэфащэ дыдэщ, Геннадий. Зэщхьэгъусэхэр дапщэщи фхуущІэкъуащ ди жьлэм къыдэхъуэ щІэблэр, фи быным хуэдэ дыдэу, фІым, пэжыгъэм, захуагъэм зэрыхуэзгъэсэным. Апхуэдэу гулъытэ хэха хуэфащІащ лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм пщІэ хуащІу ныбжьыщІэхэр къэгъэтэджэным.

- Уплсу. ДыкъызыхэкІар урыс лъэпкъыр арами, псэкІэ тпэгъунэгъущ адыгэхэр. Си щхьэкІэ, адыгэбзэр фІыуэ солъагъу икІи ныхъэгъэну сощІэ. А бзэращ сазэрыбгъэдэтыр хуэажэдэхэми, си ныбжьэгъухэм я нэхъыбапІэми, ди бынхэм, пхъурылъхухэм благъэ тхуащІа адыгэ унагъуэхэми: Хьарзынэхэ, Шырытхэ, Бетрожьэ, Алэкъейхэ я лъэпкъхэм.

Яныныкъуэхэм деж адыгэ дыдэу зызолытэж, уеблэмэ апхуэдэу къыщысщыхьу щІыІэщ ди бынхэри. СащогуфІыкІ Ольгэрэ сэрэ къытщІэхъуэ адыгэ щІэблэм. Абыхэм я гуфІэгъуэхэм, насыпхэм си гукъыдэжьыр сагъэпсэу.

Епсэлъар
КЪАРДЭН Маритэщ.

Коммодов зэщхьэгъусэхэр. *1976 гъэ*

Школ хэкурыдж музейм и хьэщІэщ КъАХ-м и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ Щхьэлыкъуэкъуажэм и Ветеранхэм я советым и унафэщІ Джэрыджэ Къэралбийрэ. *2005 гъэ*



Хэкурыдж музейм. *1969 гъэ*

● Псалъэ пэжхэр

КIэух псоми пэщIэдзэ яIэщ

♦Ахъшэ зиIэм сытым дежи и гуфIэгъуэщ, ар зимыIэм махуэ къэси и мыгъуагъэщ.
♦ЦIыху зыхуэфIэмыкIым зыщIагъэкъуэным и пIэкIэ къулейхэм къакIэлъызыжьыхьэр куэду цыIэщ.
♦Екъум нэхъыбэрэ щIытракъуэзэр емыкъур драгъэплъеину арац.
♦Мыхъур хэмытамэ, псори тэмэм хъунут.
♦Ди щыуагъэ цIыкIухэр зыдгъэлIу зыдохъуэкIыжыф, щыуагъэ нэхъ инхэр ирищIэтхъумэн щхьэкIэ.
♦ФIымрэ Іеймрэ зэхимыгъэкIыфми, псори ищIэ и гутъэжщ.
♦Пэжагъ куу зыбгъэдэлъ цIыхур мыхъумыщIагъэ IэщIэкIыным тогузэвыхь, бзаджэнаджэм илэжьа Іуэху фIейхэми егъэгузавэ.
♦КIэух псоми пэщIэдзэ яIэщ.
♦Нэхъыжь псори тхъэмадэу ягъэтIысыркъым.
♦Уи ныбжьэгъуфI дыдэу плъытэр фIыуэ къыщыпцIыхур уи унафэщI хъуа нэужькIэщ.
♦Дэ къыджьэхэмыуэмэ, адрейхэм къащыщI псори тфIэмыхьэнэпщэц.
♦Сыт хуэдиз зэман уэ тфIэмыкIуэдами, абы щхьэкIэ илъэсым хэхъуэн къанэркъым.

КIУРАШЫН Алий.

Гъатхэпэм и 28-м ди газетым къытехуа «Хьэщыкъуей ПIатI и уардэунэр» тхыгъэм щыуагъэ кIуащ. А унэми ар зея Тхьэщыгъуейхэ я къекIуэкIыкIами ятеухуауэ куэдым щыгъуазэ ди щIэджыкIакIуэхэм ар я жагъуэ хъуащ икIи мызэ-мытIэу ахэр редакцэм къэпсэльащ. Ди къуаншагъэр дгъэзэкIуэжын мурадкIэ, тхыгъэр щIэрыщIэу къытыдодзэж, гу зылъыдагъэтэжа щыуагъэхэр зэдгъэзэхуэжауэ.

● Шхыныгъуэхэр

Іыхьэ-Іыхьэурэ гъэжьа лы, къэрмэфибл ущэба хэлъу

Нэхъ къагъэсэбэпыр Іэщышхуэм и лыпцIэ щабэрщ. Лыр псы щыIэкIэ ятхьэщI, ягъэжэхъри Іыхьэурэ, я Іувагъыр г 2,5-рэ, я хьэпIагъыр г 150-200 хъууэ зэпаупщI. Шынакъ мыулъийм ираIъхьэ, бжьыныху уба, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри, фIыуэ зэлащIэ. И щхьэр трапIэри, дакъикъэ 20 хуэдизкIэ щыIапIэ ягъэув, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ.

ИтIанэ лы Іыхьэхэр къыхахьж, лым кIэрыпщIа бжьыныху ущэбахэр къыкIэрах, ягъэжэпхъ, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэри, лъэныкъуитIымкIи тхъуэпIъ дахэ хъуху ягъажьэ. ИтIанэ шатэпс, бжьыныху уба щIакIэ, къэрмэфибл ущэбар халъхьэри, тебащхьэр теплъуэ хьэзыр хъуху ягъэбэхъ. Іэнэм пщтыру трагъуэвэ, шатэпс къыщIэнари тракIэж. Пластэ, мырамысэ хуабэ даших.

Халъхьэхэр (зы цIыху Іыхьэ):

ЛыпцIэу - г 300
Тхъууэ - г 40
Бжьыныхуу - г 10
Шатэпсу - г 50
Шыбжийуэ, шыгъуу, къэрмэфиблу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



Мысырым щыщ принцессэ Шахъ Хъусни лъэпкъкIэ адыгэт.
Сурэтыр **Леомениль Лаурэ** *ищIащ. 1862 гъэ*

Тхьэщыгъуей ПIатI и уардэунэр

● ЩIэин

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дэни хуэдэу, Налшык къали абы къедза жылагъуэхэми ущрохьэлIэ зи тхыдэкIэ, къекIуэкIыкIакIэ хьэлэмэт куэд къозыгъащIэ ухуэныгъэхэм, фэепльхэм. Апхуэдэу къысщыхъуащ Кэнжэ жылэм щыслъэгъуа унэр. Ар къытитIу зэтет уардэунэ бгыпэжащ, Кэнжэ жыг хадэм и лъагапIэм къытетщ, къуажэм «къыхоплъэри». Бгыщхьэм щауэхуа а унэ хужьышхуэр, цIыхухэр «пщы унэкIэ» зэджэр, хуиту щыбоплъагъу Кэнжэ икIыу ЩIхьэлыкъуэ ухуэзышэ гъуэгум и сэмэгурабгъумкIэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, а унэм хъыбар гъэщIэгъуэн иIэщ.

КЪУАЖЭДЭС нэхъыжьхэм къызэрагуэтэжьмкIэ, уардэунэ хужьышхуэр зэраухуэрэ илъэсищэм щIигъуащ. Ар зейуэ щытар щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа, а лъэхъэнэм щыIа политикэ зэщIэхъееныгъэхэм жыджэру хэта Тхьэщыгъуей ПIатIщ. Адыгэ щIалэр инженер Іэщ-гъэм Санкт-Петербург щыхуеджат, уеблэмэ Ленин Владимир и къуэш нэхъыжь Ульянов Александрэ абыIрэ зы гуп хэсащ, зэныбжьэгъушхуэри щытащ. Александр и фIыгъэкIэ ПатI и зэхэщIыкIымрэ дунейм еплъыкIэмрэ заужьауэ, захъуэжауэ жаIэж. Ари и щхьэгъусэ ЖанIэфIи (ар Анзорхэ япхъут, уэрэкъ унагъуэм къыхэкIат) социал-демократэм я гупсысэкIэм техьащ, ди щIыпIэм къэкIуэжа нэужь а Іэхъум хуэлажьэу щытащ.

И лъапсэр Кэнжэ бгыщхьэ лъагэм щыщиухуэм, ПIатI къигъэсэбэпащ и урыс зэпыщIэныгъэхэр. А лъэхъэнэм (1903 - 1904 гъэхэм) адыгэхэм апхуэдэ унэ ухуэкIэ яIэу щытакъым. Унэм и проектри ухуэныгъэри щищIым, зэрыжаIэжьмкIэ, абы дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуащ урыс Іэщ-гъэзIкIэр.

ПсэукIэ эщIэ Тхьэщыгъуейм уардэунэм и хъуреягъым жыг хадэшхуэ щигъэтIысащ. ПщIантIэри дахэт, удз гъагъэ щхъуэкIэплъыкIэхэр къыщыкIырт, екIуу зэлъыIухат. Абы и лъапсэм къеплъыну цIыху куэд къакIуэрт. Тхьэщыгъуейр ящыщащ ди щIыпIэм чырбыш плъыжь япэу щызыгъажьэу щытахэм. И щIапIэм хиубыдэу ПIатI ихухат чырбыш плъыжь щагъажьэ хьэкушхуэ, завод цIыкIу. Абы и деж Іуэху щащIэрт къуажэдэсхэм ящыщ куэдым: и заводым щылажьэрт, и унагъуэр зехьэныжьмкIи сэбэп хъуэрт.

ПIатI къулейми, зэхэщIыкI куу, гущIэгъу зиIэ цIыхут. Ар тхьэмыщкIэхэм ядэIэпыкъурт, еджэну хуейхэми чэнджащэгъу, гъуэгуГъэльагъуэ яхуэхъурт, щIэхъуэпсырт цIыхубэм щIэныгъэ зIуэтыным, псори зэхуэдэу фIыуэ псэуным.

Адыгэ щIалэ щыпкъэм и дуней тетыкIэмрэ и псэукIэмрэ я хъыбарэхэр куэдым зэхахырт. Ди щIынальэм революцэшхуэм и Іэужьхэр къэса нэужь, социал-демократ Тхьэщыгъуейр нэхъри цIэрыIуэ хъуащ, и пщIэми жылагъуэм зыщIэзташ. ЗэрыжаIэжьмкIэ, ар яГу ирихьыщэртэхьым а лъэхъэнэм ди щIынальэм властыр щызыIэщIэлъа Къалмыкъ БетIалрэ абы и гупымрэ. Мызэ-мытIэу абыкIи зыкъраГъэщIат. Апхуэдэу щыхъум, Тхьэщыгъуейм, и щхьэр, и унагъуэр ихъумэжьин мурадкIэ, хэкум икIри Урысейм и щIыпIэ жьыжьэ гуэрым Іэпхъуащ. Абы и унэр къэралым къищтащ, зэрыхуейуэ къигъэсэбэпыну.

Іэужущ-IапIэ зыбжанэм я хэщIапIэу щытащ ПIатI и уардэунэр. ЯбэщыкIэ абы къыщызIэуахащ къужажьдэсхэм щIэныгъэ щызрагъэгъуэтын еджапIэ. Абы илъэс бжыгъэкIэ щеджащ Кэнжэм и сабийхэри балигъэхэри. Хэку заузшхуэр ихха нэужь, уардэунэр къуажэ сымаджэщу зыкъомрэ къагъэсэбэпащ. Абы хэтт амбулаторэри лъхуапIэ унэри. ТхущI гъэхэм я кIэухым сымаджэщыр лъэгумкIэ къахьыжащ, Тхьэщыгъуейхэ я унэр къуажэм щызэхэт хозяйствэм и хъумапIэ ящIащ. 60 - 70 гъэхэм унэр щIакхъуэгъэжьапIэу къагъэсэбэпащ.

Унэр зэрыдахэм куэдым гу лъатэрт икIи щэнхабзэм и пэжьакIуэхэм ар гупытэншэу къагъэнахьым - лIэщIыгъуэ блэкIам и кум «Мосфильм» творческэ зэгухьэныгъэм «Бгыхэм къеха уэсукхъуэ» («Лавина с гор») фильмыр ди щIыпIэхэм щытрихауэ щытащ. Фильмым и режиссёр нэхъыщхьэм щIыналъэр къыззохиплъыхьа нэужь, Тхьэщыгъуейхэ я унэр адрейхэм къахигъэбелджылыкIри, кином и нэхъыбэр абы щытрахауэ щытащ. А фильмым еплъахэм ящIэжу къыщIэкIынщ ар щытраха щыпIэм и дахагъэр.

Абы и ужькIэ куэд дэмыкIыу, жылэм дэсхэм зэрыжаIэжьмкIэ, а лъапсэм къигъэзэжауэ щытащ ПIатI и щхьэгъусэ ЖанIэфI. ГукъэкIыжхэм зэщIаIыгъэу, и нэпсыр къыфIыщIэкIыу бзыльхугъэм къыззохикIуахащ я лъапсэжьыр, и Іыхьлыкэр зыщIалъхьажа кхъэми кIуащ. Тхьэщыгъуейхэ ПIатIрэ �жанIэфIрэ я бынитIым щыщу зыр пасэу дунейм екIужащ, адрейр унагъуэ хъури щыIапIэ жьжьэ Іэпхъуащ. ЖанIэфI псэуху илъэс къэс я щIапIэжьым щIэхщIэхыурэ кIуащ. Къуажэ унафэщIэм унэр абы иратыжынут, зэрыжаIэжьмкIэ, ауэ «схузэхьэнукъым» жиIэри идакъым.

Дауэ хъуми, кэнжэдэсхэр ирогушхуэ я жьыпэм дэт уардэунэм. Абыхэм яхэтщ ар зэгъэпэщыжауэ къуажэ музей щын хуейуэ къэзылытэхэри.

ЗэхъуэкIыныгъэхэм я зэманым ар бгыпэжьипа хъуащ, ауэ ноби щхъуанIагъэм къыхэщу, уардэу лъагапIэм тетщ.

ХЬЭГУАРЭ Ланэ.

● Чэнджэщхэр

ПIастэ хуабэр зэщIауфэркъым

Дзэр быдэ хъун щхьэкIэ цIыхур щыгъуэлъыжкIэ бжьыныху къикIыкIа хьэдэ зы-тIу егъэныщкIури хуэшэчыху жьэдегъэлъ, итIанэ къыжьэдехыж. Абы и ужькIэ нэху щыху зыгуэр пшхыи, уефи, уи дзэр пльэщIыжи хъунукъым.

* * *

Къэрмэфиблыр яущэб, жьэм жьэдакIутэри, ягъэныщкIу, ауэ ирагъэхыркъым. Ар дзэхъудзэшхэмкIэ, дзэ узхэмкIэ сэбэпышхуэ мэхъу.

* * *

Джэдкъаз фIагъэжар щызэпкърахкIэ Іэмал имыIэу пщэм паупщIыж зы сантиметр хуэдиз. Ар пумыупщIу шыуаным илъхьэмэ, унагъуэр псалъэмакъ хохуэ жаIэ.

* * *

Ерыскъыр Іэпхъуамбэ зэхуакум дэлъу яшхыркым, гуэныхьышхуэ пылъу къалъытэри.

* * *

Зи дзэл шхэуэ, узу хъуахэм ахъшэдэщ тIэкIу жьэдалъхьэрти жьэдагъэжьыхьырт, иужькIэ къызыжьэддзыжьырт. Апхуэдэурэ ягъэхъужьырт узыр.

* * *

Маитхъур июным и 15 пщIондэ щIахуарауэ ябж икIи ар узыфэ куэдымкIэ сэбэпышхуэщ.

* * *

ПIастэ хуабэ убар зэщIэбуфэмэ е зэгуэр тепIэмэ ар уцIынынущ, псыр къыщIэжу.

* * *

Джатэ Іэпщэ - ар тхъурыжь гъэжьащ. Апхуэдэу щIеджэр джатэ Іэпщэм ещхьщи арац.

* * *

Хывышэм и тхъу гъэвэжар зэIымыхьэу мазитI-щыкIэ щытщ, щIыIэпIэ ямыгъэувми.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** И ... къурыкъуу ежьэжащ ди гъунэгъу щIалэр. **3.** Ди республикэм щыIэ псыежэх. **6.** Псэм фIэIэфIыр ... фIэдахэщ. **10.** Гушыlэ, щIагъыбзэ хэлъу яутIыпщ псалъэ. **11.** ЩэкI кIапэ. **12.** Уи унэцIэр зезыхьэ нэгъуэщI унагъуэ. **13.** Дунейм ехыжам ... хуащIащ. **14.** Псэхэлъхьэж. **15.** Таурыхъ, псысэ, ... **17.** Ди республикэм мызэ-мытIэу щыIа революционер ящрыIуэ. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрам нэхъ кIыхь дыдэхэм ящыщ зым. **21.** Уеплъмэ - ..., уеджэмэ - дэгу. **22.** НэгъуэщIым фIы кехъулIэмэ зи нэм бжэгъуу щIэуэ цIыху. **23.** Зеиншэ. **24.** ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI ... щоцIэ. **25.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ псэущхьэ шынагъуэ - къуажэнсэр яфIиубыду. **27.** ЩIэгъэжьуэн, сэх. **30.** Дунейм ехыжар щыщIалъхьэкIэ дыуэ зэрытращIэм апхуэдэу йоджэ. **33.** Зауэ зэманым къуэхьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и Лыхъужь адыгэлI. **36.** Темыужу куэдрэ къеших уэшх. **37.** ЩIыIум зэреджэ нэгъуэщI псалъэ. **38.** Пасэрей заулI джанэ. **39.** Лыхъужь, щхьэмыгъазэ. **40.** Лъэпщ и Іэмэпсымэхэм ящыщ зы.

Къехуу: **1.** Шэнт щабэ бгъуфIэ, Іэ телъхьэпIэ иIэу. **2.** Бдзэжьейр псым зэрыщесыр. **4.** Псым и куупIэ. **5.** ТхакIуэ-усакIуэхэу КIэщт Мухьэз, Гъубж Мухьэдин, уэрэджыIакIуэхэу Уэтэрхэ Анатолэ, МуIэед, Шал Хъусен сымэ, апхуэдэу Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьу цIыхуищ къызыдэкIа къуажэ. **7.** Бэу ... **8.** Зи щхьэм имыт, емыгупсысауэ Іуэхум хэлъадэ. **9.** ЦIыху Іэдэб, сабыр. **15.** Ди республикэм щыщ къалэ. **16.** ЩIоджэнцIыкIу Іэдэм и повесть цIэрыIуэ « ... и гъатхэ». **18.** Волгэ псым адыгэхэр зэреджэу щытар. **19.** ПхъэIэщэм щыщ Іыхьэ, щIыр зэзыгъэдзэкI. **20.** Жэмтхъэпэ къыщалъхуэ адыгэ генерал. **26.** Адыгэ скульптор цIэрыIуэ ... Хьид. **28.** «Куэд» псалъэм и пIэкIэ сабий цIыкIухэм апхуэдэу жаIэ. **29.** Адыгэ пшынауэ цIэрыIуэу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист. **31.** Адыгэр игъащIэ лъандэрэ зэлэжь гъаву. **32.** ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэ цIэрыIуэм хэт Мадинэ фIыуэ илъэгъуа щIалэ. **34.** ФIэгъэнапIэ зиIэ бжэгъу кIыхь. **35.** Уэыдэмыхьэ ... лы дэзщ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 1. ЩIопщ. **4.** Бэлыхь. **6.** Къущхьэ. **8.** Тебэ. **9.** Дэлэл. **11.** Лашэ. **12.** Танэ. **13.** Іульдж. **15.** КIыщ. **19.** Зым. **20.** Шытхьэлэ. **23.** Фыгъуэ. **24.** Акъ. **25.** Ер. **26.** КIэпхъ. **28.** Хьэрычэт. **29.** Бгъэ. **30.** КIуащ. **34.** Шыкlэ. **36.** Духэ. **40.** Псым. **41.** ГурыщIэ. **42.** Шэрхъ. **43.** Бжьыз. **44.** Гуартэ. **45.** Джатэ.

Къехуу: **2.** Очерк. **3.** Щхьэнтэ. **4.** Бадын. **5.** Хьэлэл. **6.** Къуэладжэ. **7.** Хьэшыр. **10.** Лы. **14.** КIыхьщ. **16.** Щхьэгъубжэ. **17.** ДыгъуакIуэр. **18.** Елыркъэш. **19.** ЗегъэпщкIу. **21.** Афэ. **22.** Пхъы. **27.** ЩIыпхъу. **31.** Ашэмэз. **32.** Гъуэнщэдж. **33.** Дзэсэжь. **35.** КIыгуугу. **37.** УIэгъэ. **38.** Мурат. **39.** Шы.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ-IапIэхэм ядэлэжьэныгъэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэщIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ-IапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтеты щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ-IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Табыщ Динарэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(1, 2, 3-нэ)*, **Мырзэкъан ФатIимэ** *(4, 5, 6-нэ). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №600